*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧАРАДА

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 16 (7334) РУЗМАН 28 апрель 2023 сон

12+

## 1 май – ихдалил ва захIматалъул байрам барки




*ХIурматиял чIарадисел!*

РакI-ракIалъго баркула нужеда ихдалил ва захIматалъул байрам – 1 май. Гъеб буго их бачIинги ва тIабигIат цIилъулеб букIинги лъазабулеб гIаламатлъун, гьелъ цолъизабула кинабго захIматхалкъги.

Ихдаллъидал байбихьула киналго хIалтIаби: росдал магIишаталъул, цIи ралел бакIазул ва басриял къачIаялъулги.

Гьаб тIолабго улкаялъулго бигьаяб гуреб заманалда, нижер районалъул захIматчагIаз къоялъухъ ва заманалъухъ, хъулухъалъухъ ва ресалъухъ балагьичIого, жидерго захIматалдалъун гIуцIулеб буго метерисеб къо, цебетIезабулеб буго район, республика ва улка.

Цолъун тIуразарулел руго регионалъул нухмалъулез цере лъолел масъалаби, гьеб гьедин букIин нижер ракьцояз цо нухалда гуреб, кидаго бихьизабулеб буго ва загьир гьабулеб буго рижараб ракьалдехун жидерго рокьи.

Баркала кьезе бокьун буго захIматчагIазе ракIбацIцIадаб хIалтIиялъухъ ва лъикIаб букIиниселде хьулалъухъ.

**Гьарула нужее ва хъизамазе сахлъи, сундулъго битIккей, талихI ва гIодоре ричча!**

*ХIурматгун,*
*ЧIарада районалъул бетIер*
*МухIидин МУХIАМАДОВ*

## Суворовасул медаль кьуна



2022 соналъул 25 апрелалда Россиялъул Президент Владимир Путиница гъулбасана Украинаялъул ракьалда СВОялда рагъулаб хъулухъ тIубазабулев вугев **СагIидов МухIамад ГIабдулбасировичасе** Суворовасул медаль кьеялъул Указ.

Шапакъаталъе рагъухъан мустахIикълъана улка цIунулаго бихьизабураб бихьинчилъиялъухъ ва хIинкъи-къай гьечIолъиялъухъ.

МухIамад гьавуна 2002 соналда гIадатияб хъизамалда Арчиб поселениялъул Хитаб росулъ. 2008 соналда ана тIоцебесеб классалде цIализе. 2017 соналда Арчиб СОШалда 9 класс лъугIарав МухIамад СагIидов цIализе лъугьуна Санкт-Петербургалъул полициялъулаб колледжалъул Каспийск шагьаралда бугеб филиалалде.

ЦIалун лъабго сон арабго 2020 соналда гIолохъанчи ахIана армиялде ва витIана Смоленскиялъулаб обласалде хъулухъ гьабизе. МухIамадица жиндирго гIумру бухьинабуна рагъулаб хъулухъалда, хъвана тIоцебесеб контракт. СВО байбихьараб тIоцебесеб къоялдасаго СагIидов вуго оборонаялъул цебесеб кьерда. Гьениб хъулухъ гьабулаго ккараб рагъулаб тунка-гIусиялда гьев лъукъула ва витIула къокъабго отпускги кьун сах гьавизе. Сахлъун хадув МухIамад нахъойги тIадвуссана жиндирго хъулухъалъулаб налъи – ВатIан цIунизе ва гьелъ цере лъурал масъалаби тIуразаризе.

ГIолохъанав рагъухъанасухъ рокъор балагьун чIун руго лъади ва гьитIинаб лъимер. Гьарула хехго рагъги лъугIун бергьенлъиги босун МухIамад хъизаналъухъе нахъвуссагиян.

**Ниж кидаго чIухIарал руго ВатIаналда цебе ракIбацIцIадго жидерго налъи тIубазабулел ругел нилъерго ракьцояздаса. Гьединаз чIухIизабулеб буго цохIо район гуребги, республикаги ва гьединго тIолабго улкаги. Баркала ва рецц буго гьезие!**

## ХитIабалъул рахъ ккуна



Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровас баян кьуна ДРялъул бетIер Сергей Меликовасул ХитIабалъе.

«ДРялъул бетIерас ХитIабалда мухIканго анализги гьабун республикаялда экономикаялъул бугеб ахIвал-хIалалъулги бицун, республикаялъул киналго бутIабазда цебетIей букIинабиялъе чIванкъотIарал нухал рихьизаруна. Нижее цIакъ хIажат руго агропромышленнияб комплекс цебетIезабиялъе гьарулел тадбирал, къваригIараб буго кумек гьитIинаб ва гьоркьохъеб предпринимательство цебетIезабиялъе, хасго росдал магIишаталъул продуктаби гьарулел бутIабазе. Сергей Меликовас гьединго баян гьабуна гьаб гIагараб заманалда кIвар кьезе бугин республикаялда муниципалиял хъулухъчагIазе хIалтIухъ мухь цIикIкIинабиялде. Гьелъ рес кьезе бугин муниципалиял гIуцIабазде тIадегIанаб профессионалияб лъай бугел хIалтIухъаби рачIиналъе», – ян абуна районалъул бетIерасул заместителас.

## Байрамалъул хIурматалда

Бергьенлъиялъул къоялде гьабулеб цадахъаб хIадурлъиялъе гIоло гIуцIараб хIалтIулаб къокъаялъ районалъул администрациялда гьоркьоб лъуна ва дандбана байрамалъул тадбирал тIоритIиялъул план. Гьеб буссинабураб букIана КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса цойги лъагIел сверулеб букIиналда.



Лъай кьеялъулгун культураялъул отделалъул нухмалъулев Шамил МустIапаевас кьураб баяналда рекъон аслияб къагIидаялда праздникалъул тадбирал тIоритIизе руго райцентралда ва росабазул поселениязул центразда.

ГIадаталда рекъон Бергьенлъиялъул къоялде гьабулеб хIадурлъи байбихьизе буго къватIал ва фасадал къачIаялдаса. Хадуб тIобитIила памятниказда цере тIугьдузул горал лъеялъул церемония, ВатIан бокьиялда хурхарал акциял, лъай кьеялъул учреждениязда «Бихьинчилъиялъул дарсал» гьариялдаса ва концерталъулаб программа.

«Жакъасеб къоялда нижер аслияб масъалалъун ккола киналго росабалъ гьеб байрамалда хурхун кIваралгIан цIикIкIарал тадбирал тIоритIи. Гьенир районалъул киналго муниципалиял учреждениязул коллективазул гIахьаллъи букIинабизеги», – ян лъазабуна Шамил МустIапаевас.

Спорталъулал хIаязде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул бицана райадминистрациялъул спорталъул рахъалъ бетIерав специалист Мурад МухIамадовас ва ДЮСШалъул директор Расул АхIматIиловас. Бергьенлъиялъул къоялъул хIурматалда районалда тIоритIизе руго гIемерал культуриял тадбирал.

«Тадбиразул байбихьилъун ккола мемориалиял комплексазда рацIцIалъи букIинаби. Байрамалъул къоялда кIвар буссинабизе ккела тIоритIулел тадбиразда гIадамазе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда», – ян лъазабуна районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровас данделъиялъул хIасилги гьабун.

# Бесдалазе стол гІуцІана



Хирияб Рамазан моцІ лъугІун хадуб, гьелъул хІурматалда ЧІарада районалъул «Инсан» фондалъ байрамалъулаб стол гІуцІана бесдал лъималазе.

ЦІуриб гьоркьохъеб мажгиталда тІобитІараб гьеб тадбиралда гІахьаллъи гьабуна ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. СагІдулаевас.

«Лъималазе гьуинлъи» абураб акциялда гьоркь рикьарал тІагІамал ва гьуинал сайгъатазда цадахъго гьенир гІахьаллъарал бесдалазул щивасе МухІамад Мухтаровичас кьуна 5 азарго гъурущ гІарацги.

Гьединго МухІамад СагІдулаевас Рамазан моцІалъ районалда тІоритІана батІи-батІиял сахаватал акциял: районалъул щибаб хъизаналъе щоледухъ рикьана лъикІал кванил нигІматазул наборал, гьелдаго цадахъ тІоритІана Гьидиб, Мощоб, Содаб, ЦІуриб ва тІолго-районалъул руччабазул ифталги. Гьелда тІадеги дагьго хьезарурал хъизаназе бикьизелъун МухІамад Мухтаровичас кьуна 200 азарго гъурущ гІарацги.

***Аллагьас къабул гьареги ва кириги цІикІкІинабеги МухІамад СагІдулаевас гьарурал лъикІал ишазул.***

# Руччабазул ифтар

ЦІуриб росулъ тІобитІана районалъул руччабазул ифтар. Гьениб гІахьаллъи гьабуна 200-ялдаса цІикІкІун чІужугІаданалъ.

Тадбиралъул тІоцебесеб бутІа тІобитІана районалъул культурияб рокъоб, гьеб байбихьана ГІириб медресаялда лъай босулел хІафисаз хирияб Къуръан цІалиялдаса.

Баркиялъулаб кІалъайгун данделъаразда цеве вахъана районалъул имамазул Советалъул председатель ШагІбан ХІафизов ва ДРялъул муфтияталда цебе бугеб руччабазул рахъалъ лъай кьолеб отделалъул нухмалъулей Загьра ИсмагІилова. Гьез баян гьабуна гьадинал данделъабазул бугеб кІваралъул ва хирияб Рамазан моцІалда гьелъухъ щвезе бугеб кириялъул.







Хадур рукІана гІемерал лъикІал насихІатал. ДРялъул муфтияталъул лъай кьеялъул отделалъул хІалтІухъан Анисат ГІабдулатІиповалъ ахІана нашид. Районалъул культураялъул хІалтІухъабаз бихьизабуна ракІгъураб сценка ва ахІана мавлид.

Жеги букІана викторина. БитІун жаваб кьуразе чІезарун рукІана сайгъатал. Гьенибго хІалеб букІана гІахьалчагІазда гьоркьор рикьарал номеразда рекьон бергьаразе сайгъат кьеялъул хІайги.

Гьеб рохалилаб данделъиялъул хадусеб бутІа – ифтар тІобитІана хинаб ва гьудуллъиялъулаб ахІвал-хІалалда яцал-бусурбабазда гьоркьоб мажгиталъул квен кьолеб бакІалда.

Тадбиралъул гІахьалчагІаз ракІ-ракІалъулаб баркала кьуна гьеб гІуцІаразе ва гьелъие кумек ва квербакъи гьабуразе. Ахиралда киналго данделъараз лъикІаб дугІаги гьабун тІадегІанав Аллагьасда гьарана дунялалъулго ахІвал-хІал лъикІаб рахъалде буссинабегиян, Украиналда рагъ-кьалги лъугІун нилъер гІолохъаби жиде-жидер хъизаназде тІадруссагиян.

# Улбузулгун дандчІвай

Райадминистрациялъул данделъабазул залалда тІобитІана районалъул рагъулав комиссар МухІамад МухІамадовасулгун ЦІуриб поселениялда гІумру гьабулел призывниказул улбузулгун дандчІвай.




Гьениб гІахьаллъи гьабуна районалъул бетІерасул заместитель ХІусен ГІарабиевас ва ЦІуриб поселениялъул бетІер Муслимат МуртазагІалиевалъ.

Тадбиралъул байбихьуда районалъул военкомас данделъаразе баян гьабуна ихдалил призыв тІобитІиялъул ва гьеб гІуцІараб къагІидаялда иналъе гьарулел ругел гІуцІиялъул ишал.

«Сундухъго балагьичІого, щибаб совещаниялда ва призывалъул комиссиялъул данделъиязда, захІматчагІазулгун гьарулел дандчІваязда нижеца цо нухалда гуро лъазабулеб бугеб тІоцере армиялде унел гІолохъабаз хьулухъ Россиялъул Федерациялъул гІурхъи бахун къватІиб гьабизе гьечІилан. Гьединлъидал хІажат буго районалда призывалде кьолеб кІвар лъикІлъизабизе. Киналго призывалъул гІумруялда ругел гражданазда тІадаб буго повестка щваниги щвечІониги рагъулаб комиссариаталде рачІине. РачІинчІездехун хІалтІизаризе руго законалда рекъарал тадбирал гьел призывалъулаб комиссиялде рачІинариялъе», – ян лъазабуна военкомас.



# Космонавтазул къоялде

«Ниж гражданал нижерго улкаялъул» абураб тІолгороссиялъул проекталда рекъон ЧІарада районалъул ЦІуриб росулъ лъималазул тІадеги лъай борхизабиялъул централда тІобитІана ЦІуриб СОШалъул цІалдохъабазе паспортал кьеялъул рохалилаб данделъи. Гьел кьолел рукІана исана 14 сон тІубалел лъималазе. Гьеб къоялда нижер районалдаса ичІгоял лъугьана Россиялъул Федерациялъул тІубарал ихтияразул гражданаллъун.



Рохалилаб тадбиралда паспортал щолезда цадахъ гІахьаллъи гьабуна районалъул администрациялъул лъай кьеялъул ва культурияб отделалъул нухмалъулев Шамил МустІапаевас, Россиялъул ОМВДялъул ЧІарада районалда бугеб миграционнияб хьулухъалъул нухмалъулей Индира Ярбиловалъ ва райадминистрациялъул гІолохъанлъиялда гьоркьоб хІалтІи гьабиялъул ва туризмалъул рахъалъ специалист МухІамад Сиражудиновас. Тадбир байбихьана «Чародинка» кьурдул ансамблялъул церерахъиналдаса, Россиялъул гимналъухъги гІенеккун ва РФялъулгун ДРялъул байрахъал цере росиялдалъун.

Шамил МустІапаевас лъималазда баркана гьеб кІвар цІикІкІараб лъугьа-бахьин ва абуна паспорт щвей бугин чІахІиязул гІумруялде лъугьунеб тІоцебесеб галиян.

«Жакъа нужее кьолеб документ буго юридическияб документ. Гьелъ бицуна нуж щиб улкаялъул гражданал ругеблъи. Гьанжеялдаса хадур нуж кІудиял чагІи ккола. Гьелъ бихьизабула нужеца ихтияраздагун тІадал ишазда цадахъго тІаде босулеб букІин кІудияб жавабчилъиги. Рехсараб документалъул нужеца хІурмат гьаби – гьеб ккола нужерго улкаялъул законалъул хІурмат гьабилъун. Паспорталда цадахъго нужехъе кьолеб буго РФялъул Конституциялъул текст хъвараб брошюраги гьебги цІале, гьелда хадурги рилълъа. Гьарула нужее Россиялъул Федерациялъул гражданасул тІадегІанаб цІар хІурматалда цІуниялъе лъай ва гІакълу», – ян абуна лъай кьеялъулгун культурияб отделалъул нухмалъулес.

Гьединго хинал рагІабигун ва баркиялгун лъималазда цее кІалъазе яхъарай Индира Ярбиловалъги гьарана нилъер улкаялъул гІолохъанал гражданазе адабалда цІунизе гьеб хІурматияб цІар.

«Киданиги кІочене тоге Россиялъул гражданинлъун вукІин – гьеб бугин нужер кІудияб яхІ-намусалъул иш. Гьарула нужее сахлъи, талихІ, бергьенлъаби, битІккей ва гьелдаго цадахъ кинабго лъикІабщинаби», – ян гьарана Индираца.

РакІалдаго гьечІеб рохеллъун лъугьана лъималазе тІадеги лъай борхизабиялъул централъул рахъалдаса паспортазда цадахъ кьурал сувенирал.

Рохалилаб данделъи лъугІизабуна ракІалде щвеялъе цадахъаб суратги бахъун. Лъимал разиго, кодор жидеего щварал Россиялъул гражданиналлъун рахъиялъул аслияб документалгун ва тадбир гІуцІаразул рахъалдаса кьурал сайигъаталгун къватІире лъугьана централъул минаялъуса.

# Ветеринарияб управлениялда совещание

ЧIарада районалъул ветеринарияб управлениялъул минаялъуб тIобитIана ДРялъул ветеринарияб комитеталъул гьабуна ветеринарияб хъулухъалъул хIалтIухъабазда щибаб къоялъ дандчIвалел ругел квалквалазда. Гьелги



хIалтIухъан ГъазимухIамад ГъазимухIамадовасул гIахьаллъигун совещание. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровас, районалъул ветеринарияб управлениялъул начальник Ибрагьим Атабеговас ва ЧIарада районалъул РВУялъул хIалтIухъабаз.

Совещаниялъул байбихьуда ГъазимухIамад ГъазимухIамадовас данделъаразе баян гьабуна живго гьениве вачIиналъе гIилла ва бицана жакъасеб къоялда республикаялда бруцеллез унтиялъул ахIвал-хIал захIматаб букIиналъул.

Хадуб Ибрагьим Атабеговас къокъабго баян кьуна гьеб рахъалъ планалда рекъон тIоцебесеб кварталалда гьарурал тадбиразул ва ветеринарияб хъулухъалъул хIалтIухъабаз тIоритIулел ругел профилактикиялгун сах гьариялъул хIалтIабазул, гьелдаго цадахъ захIматаб ахIвал-хIал бугин абуна Ибрагьимица хIайваназде бруцеллез ва лейкоз унтаби рахиналъул.

Гьес гьединго тIадчIей аслияб къагIидаялда росабазул захIматчагIазул рахъалдаса кколел рукIиналъул. Гьез дандчIей гьабулеб буго сах гьариялъулгун профилактикиял ва диагностическиял тадбиразда, гIемерисел бакIазда гьечIо унтарал хIайванал батIаго хьихьиялъе рихьизарурал бакIал, хварал хIайванал рехиялъе скотомогильникал. Гьелдаго цадахъ боцIул бетIергьабаз хвезарулел руго Россиялъул Федерациялъул ва ДРялъул законалъул рихьизариял, ветеринариял тIалабалги цIунун гIи-боцIи гочинабулеб гьечIо риидалил ва хасалил мучIдузде. Гьедин кIвар гьечIого бруцеллезалъ ва лейкозалъ унтараб боцIи ва гьездаса бахъулеб продукция цадахъ кинабгIаги гьелъие хIажатаб документги гьечIого, жидеего бокьухъе доре-гьанире рехиялъ кумек гьабулеб буго гьел унтаби тIиритIизариялъе.

«ГIемерисел боцIул бетIергьабаз инкар гьабулеб буго «Меркурий» ФГИСалда хъвай-хъвагIай гьабизе (гьеб буго РФялъул ракьалда баччулеб къайиялда хадуб хал кколеб пачалихъалъул ветеринарияб хаслъизабураб гIуцIи). Гьединго гIахьаллъулел гьечIо «Хариот» программаялдаги. КинабгIаги кумек росабазул поселениязул бутIруздасаги щолеб гьечIо ветеринарияб хъулухъалъул хIалтIухъабаз тIоритIулел тадбиразе», – ян абуна ахиралдаги Ибрагьим Атабеговас. Гьес тIадеги лъазабуна хасаб кIвар кьезе ккелин профилактикиял тадбиразде. Ветеринарияб хъулухъалъги кьварараб хал кквей гьабизе ккела добе-гьанибе гIи-боцIи баччиялда хадуб.



# Коралъ унтарал цIикIкIунел руго



**Дагъистаналда коралъ унтаразул къадар 230-ялдаса тIаде ун букIиналда бан, нижеца хIукму гьабуна ЦРБялдаса лъазабизе гьеб бахунеб унти кин тIибитIулеб ва гьелде данде гьаризе кколел профилактикиял тадбиразул хIакъалъулъ щиб лъазе кколеб.**

Районалъул больницаялъул врач-инфекционист Асият ТIалхIатовалъ баян гьабуна кин коралдаса цIунулел жалго ва сверухъ ругел гIадамал ва гьелъул ккезе регьулел хIасилазулги.

«ДРялда кор унтул рахъалъ ахIвал-хIал хIалуцараблъун хутIулеб буго. Жакъасеб къоялде гьеб унтуца унтаразул 277 хъвай-хъвагIай гьабун буго. Гьездаса лъимал кколел руго 205. Коралде данде прививка гьабичIезул къадар бахъунеб буго 272 чиясде. Рехсараб унтул хъвай-хъвагIай гьабун буго республикаялъул 20 батIиял бакIазда. Районалдаса гIадамал гIемер эхер-эхеди хьвадулел рукIиналъ рес буго гьеб нилъер гьанибеги щвезе бегьиялъул», – ян лъазабуна Асият ТIалхIатовалъ.

**- Унтул гIаламатал ва гьел къватIире загьирлъи кин унеб бугеб чIахIиязул ва лъималазул?**

- Корь (месед) ккола цIикIкIун контагиознияб хехго бахъунеб унти. Гьелъул гIаламатал ккола цIа-кан бахъи, хIухьел цIалел нухал цIорой, конъюнктивит, интоксикация ва черхалда сус бай. Коралъул хIинкъи буго гьеб тIаде цIикIкIани. Гьелъ ккезабизе бегьула пневмания, менингит, энцефалит гIадал унтаби.

**- ХIажалъулищ коралде данде ревакцинация?**

- Гьелдаса цIуниялъе цохIо бугеб нух ккола вакцинация гьаби. Лъималазе планалда рекъон кIиго нухалда гьабула вакцина: гIумруялъул 12 моцI бугеб мехалда (вакцина) ва 6 сон тIубарабго (ревакцинация). ЧIахIиязе 35 сон базегIан кIиго нухалда прививка гьабун лъугIизе ккола. Нагагьлъун прививка гьабичIого хутIарав ва гьеб унти щвечIев чи вукIун ватани, гьесие кIиго нухалда гьабизе ккола прививка лъабго моцIалдаса дагьаб заман гьоркьоб биччачIого. ГIумруялъул рахъалъ гьелъие гIорхъи чIвай гьечIо.

**- Унтун рукIин лъарабго бищун цебе щиб гьабизе кколеб?**

- Нуж унтарасда аскIор рукIун ратани, ялъуни меседалъ унтани кинго ине бегьуларо гIаммал бакIазде. Рокъове ахIизе ккола тохтур.

**- Щвезе бегьулищ корь кIиабизеги?**

- Гьеб унтудаса сахлъаразул иммунитет гIумруялъго къвакIараб букIуна, гьединлъидал гьеб унтиялъ кIиабизеги унтизари букIунаро.

**- Корь бугеблъи лъазе кьолел анализал рукIунищ?**

- РукIуна, кьола бидул анализ коралъул антителал ругищали лъаялъул мурадалда. Гьебги хIажалъула диагноз лъеялъе.

*ЦIодорго рукIа нужерго ва гIагаразул сахлъиялдехун*.

# Вниманию перевозчиков!

Ситуация с аварийностью на автодорогах республики остается сложной.

Довольно часто водители осуществляют перевозочную деятельность с нарушением режима труда и отдыха, что приводит к трагическим последствиям.

Рабочее время и время отдыха работников, труд которых непосредственно связан с движением транспортных средств, регламентируются ст. 329 Трудового Кодекса Российской Федерации, а также Особенностями режима рабочего времени и времени отдыха, условий труда водителей автомобилей, утвержденными Приказом Министерства транспорта РФ от 16 октября 2020 г. № 424.

В целях предупреждения нарушений обязательных требований норм режима труда и отдыха водителей при осуществлении федерального государственного контроля (надзора) на автомобильном транспорте, городском наземном электрическом транспорте и в дорожном хозяйстве Федеральной службой по надзору в сфере транспорта (Ространснадзор) разработано Руководство по соблюдению обязательных требований норм режима труда и отдыха водителей (в части времени управления транспортным средством и времени отдыха) (далее - Руководство).

Задачей Руководства является информирование субъектов транспортной деятельности, осуществляющих пассажирские и грузовые перевозки автомобильным транспортом, о способах соблюдения обязательных требований, примеров соблюдения обязательных требований, рекомендациях по принятию перевозчиками конкретных мер для обеспечения соблюдения обязательных требований.

За нарушение норм режима труда и отдыха, как водители, так и перевозчики несут административную ответственность в соответствии с Кодексом Российской Федерации об административных правонарушениях.

С Руководством можно ознакомиться на интернет-сайте Ространснадзора в разделе Госавтодорнадзор/Деятельность/Профилактика нарушений.

*Территориальный отдел государственного автодорожного надзора по Республике Дагестан МТУ Ространснадзор*

# ОГИБДД ОМВД России по Чародинскому району информирует:

**О проведении профилактической операции «Автобус» с 26.04 по 02.05.2023 года.**

В целях обеспечения безопасности дорожного движения, снижения уровня аварийности с участием транспортных средств осуществляющих пассажирские перевозки, обеспечения соблюдения водителями указанной категории транспортных средств Правил дорожного движения Российской Федерации, требований нормативных правовых актов в области обеспечения безопасности дорожного движения, связанных с эксплуатацией автобусов принадлежащих физическим, юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям, на территории Республики Дагестан проводится профилактическая операция «Маршрутка».

Сотрудники Госавтоинспекции будут контролировать, как соблюдаются проверки технического состояния транспорта при выпуске на линию, как осуществляется предрейсовый медицинский осмотр, как соблюдается режим отдыха водителей. При выявлении водителей, осуществляющих лицензионную перевозочную деятельность без лицензии или с нарушением лицензионных требований и условий, не имеющих разрешенной категории «Д», а также при отсутствии путевой документации, к ним будут приниматься меры. Наиболее распространенные нарушения, которые имеют место в нашем районе – несвоевременность прохождения государственного технического осмотра указанными автобусами, и перевозка пассажиров сверх числа мест, оборудованных для сидения.

В ходе проверок устанавливается соответствие конструкции транспортных средств требованиям безопасности: наличие и функционирование аварийных выходов, выявление несанкционированных изменений конструкции – изменение компоновки, количества сидений, установка дополнительных топливных баков, оборудование вместо пассажирских сидений грузовых отсеков и т.п.

***Начальник ОМВД России по Чародинскому району М.С. САЛАМОВ***

# Магъар оцбаялъул байрам

Арал гIодор къоязда ЧIарада районалъул гIемерисел росабалъ кIодо гьабуна умумузулго букIараб ихдалил хIалтIабазде байбихьи лъазабулеб оцбаялъул байрам.

Магъар росулъ гьеб тIобитIана росдал ва цогидал росабалъа рачIарал гIадамазул гIахьаллъигун. Гьениб гьединго гIахьаллъи гьабуна районалъул имам ШагIбан ХIапизовас ва райцентралдаса рачIарал хьулухъчагIазги.



ГIадаталда рекъон Магъар росдал захIматчагIи цереккунго хIадурарал кванил нигIматалгун ракIарана росдал аслияб къватI – Лъаданахъире. Гьениса киналго ана аслияб къагIидаялда оцбаялъул байрам тIобитIулеб хурире.

Байрам баркиялъул кIалъаяздаса хадуб хуриб тIоцебесеб рахъ базе ихтияр кьола хIалтIул цевехъанасе, ялъуни росдал муллаясе. Гьесда тIад ретIуна квас бугеб рахъги тIадехун гьабун гIиял къохьодаса гьабураб тIимугъ. Гьеб заманалда хуриб рахъал ралесда рохалилаб ахIвал-хIалалда гIисиназ ва чIахIияз речIчIула ракьул гIеркьал. Гьебги ккола умумузул гIадаталдаса цо бутIа.

Хуриб рахъал ран хадур киналго гIахьаллъарал ракIарана школалъул азбаралде.

Байбихьана спорталъул къецазде: рекери, кIанцIи, канат цIай, бихьиназда ва руччабазда гьоркьоб торгIо хIай, гира борхи ва чIорбутI речIчIи.

Бергьаразе кьуна ракIалде щвеялъул шапакъатал ва байрамалъул аслияб приз – чадил гор.

Цо магъариселъ бицана: «БатIи-батIиял гIиллабиги рачун гIемераб заман букIанин гьаб байрам тIобитIичIелдаса. Гьаб нухалда гьадин аваданго ва гIатIидго гьаб тIобитIиялъе квербакъи гьабуна КIалбиччан къоялъул байрамалде данде ккеялъ. Гьелъ рес кьуна районалдаса къватIирехун гIумру гьабулел гIадамалги гIахьаллъун гьаб тIобитIизе», – ян.

«Гьединал гIемерал гIадамал гIахьаллъарал тадбираз щула гьабула гьудуллъи, вацлъи, гьединго гьеб ккола лъикIаб мисал гIун бачIунеб гIелалда умумузул гIадатал лъаялъеги, щайин абуни гьел кьойидаса кьойиде кIочон толел руго магIарул мацI гIадин. Нилъер аслияб масъала ккола гIун бачIунеб гIел умумузул гIадатал цIунулеблъун ва гьезул адаб гьабулеллъун лъугьинари», – ян абана бакIалъулаб гIолохъанлъиялъул председатель МухIамад ШагIбановас, тадбир гIуцIиялъе квербакъарав.

Ахиралда киналго гIахьаллъараз хIукму гьабуна умумузул гIадатал цIунизе ва тIоритIизе. Гьелда рекъон можороги тIамун тIасияб соналда оцбаялъул байрам росдал кинаб бутIаялъ тIаде босун тIобитIизе бугебилан лъазабизе ва гьелде цебеккунго хIадурлъиги гьабизе.

# Гьачада оцбай тIобитIана

ЧIарада районалъул Гьачада росулъ рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана байрам. Гьелда гIахьаллъи гьабуна шагьараздаса ва батIи-батIиял росабалъа рачIарал гIадамаз.

Байрам байбихьилелде росдал гIадамаз субботникги тIобитIун рацIцIалъи гьабуна къватIахъ ва росдада сверухъ.



ГIадаталда рекъон ихдалил хIалтIабазде байбихьи лъазабулеб байрам тIобитIула 2-3 хъизамаз. Исана гьединаллъун рукIана МухIамад Дамадаев ва гьес киналго гIахьаллъаразда байрамги баркун, лъикIаб дугIаалхIамги гьабун хуриб хьом бана ва хадуб тIоцебесеб рахъги бахъана.

Гьесдаса хадур иргадал хурир рахъал рана цогидал гIолохъабазги.

Байрамалъул хIурматалда байбихьана спорталъул хIаял тIоритIизе: рекери, кIанцIи, диск рехи, чIорбутI речIчIи ва цогидалги къецал.

Оцбаялъул аслияб атрибутлъун ккола берцинал накъищалги тIад гьарун къачIараб чадил гор кьолеб букIана къецазда бергьаразе ва гIахьалчагIазе. Гьелдаго цадахъ ракIалде щвеялъе медалалги кьуна.

Байрам ана гIуцIараб къагIидаялда ва аваданго. ГIахьаллъи гьабуна чIахIиязги гIисиназги.

Ахиралда росуцояз борхана росу берцин гьабиялъул суал ва хIадур гьабуна гьелъие планги.

# ГьацIул гьунар

Гьуинабги тIагIамабги букIин гуребги, гьацIул руго цогидалги «гьунарал». Масала, гьацIуца гьан туризе биччаларо. ГIадамазда гьеб лъалеб букIана цIакъго цебего. РикIкIаде чабхад араб мехалъ хварав Александр Македонскиясул жаназа хабалъ букъизе жиндирго ВатIаналде босун буго гьацIулъги лъун.

Римазул ханасе чанил гьан битIун бачIунеб букIун буго хъабида жаниб гьацIулъги лъун. 2500 соналъ цебе гьедин битIараб гьан батун буго щибниги лъугьинчIого, цIигьан гIадин гьацIуца цIунун.



# Гьекъелалъул зарал

Машгьурав хирург Федор Угловас хъван буго: «Дун вуго хирург, дица тIубараб гIумруялъ унтаразе операциял гьаруна, гьединлъидал дида бихьана гIадатиял гIадамазда бихьуларебщинаб. Инсанасулъ гьечIо цониги лага, кинаб бугониги гьекъолеб жоялъул хIалтIизабуниги унтичIеб. Амма бищунго гьеб захIмалъулеб ва цIикIкIун унтулеб гIадалнах буго. Щайин абуни, гьелъулъ гьекъараб жоялъул гьорлъбоси бищун гIемер букIуна. Бидулъ гьорлъбоси халгьабулаго, тIулалъ гьелъул къадар кколеб буго 1,45, гIадалнахулъ – 1,75.

Дица мухIканаб къагIидаялъ баян гьабиларо гьеб сабаблъун гIадалнахул лъугьунеб букIараб сурат (гIемерисел гьекъолел чагIазул гIадалнах рагьидал, гьеб букIуна данде букIкIун, жиндир букIине кколеб къадар гьитIинлъун, бидурихьал гIатIилъун, рукIкIалаби данде къан), амма абила нервабазул клеткабазул хиси къуватаб загьруялъ хвезабураб мехалъ гIадаб лъугьунин. Гьеб сабаблъун лъугьараб хиси тIокIалъ цIилъулебги гьечIо, – ян.

# *Авар кицаби ва абиял*

- РекIел бер балагьичIони, бералда канлъи бихьуларо.
- РекIел гIин гIенеккичIони, гIиналда рагIи рагIуларо.
- РекIел хIал хьарав ХIариколосеседа хIатIикь цIа бакарав кIахьияв рекъеларо.
- РекIел хIуби – чехь, чохьол хIуби – чед.
- РекIелъ бугеб лъаларо, лъороб бугеб бихьуларо.
- РекIкI гьабурасе хIучч битIуларо.
- РекIун бихьун чу босе, лъун бихьун кьили босе.
- Релълъаралда рекъарабила ратIлида рукъи балеб.
- Рецц гьабун гаргадиялъ бецц гьарула, гIунгутIаби рициналъ кантIизарула.
- РещтIине лъаларев рекIинавуге.
- РекIинеги лъай, рещтIинеги лъай.
- Ригь богоде, бог радакье.
- Ригьда вега, ригьда вахъа.
- Ригьин чияргун лъикIаб, чи нилъерго лъикIав.
- Ригьинги ригьги ургьун гьабе.
- Риди меседлъи лъалебани, нахъеясухъе щвелароан.
- Рии кьижун арасе кьиндал мискинлъиялъ макъу толаро.
- Риидал бакънал рачуней йикIарай, хасало кьурдулей йикIа.
- Риидал борохь бихьарав хасало гIарщикьа хIинкъула.
- Риидал гвангвара гьаличIони, хасало гереги гьалуларо.
- Риидал гIодобе бегьараб квер чIобого бачIунаро.
- Риидал гIор те, хасало мегIер те.
- Риидал дие гIоло чIвай, хасало нужеего гIоло чIвай (чол кици).
- Риидал кьижани, кьиндал гIака хола.
- Риидал риди ххуй, хасало нах кун.
- Риидал тIимугъ босе, хасало буртина босе.
- Риидал херабги босуге, хасало хIалакъабги босуге.
- Риидал хур бекье, кьиндал печь бокье.
- Риидал хурив хва, хасало рокъов хва.
- Риидал чIар гьабичIони, хасало гьороб жо букIунаро.

**ЧIАРАДА**
**БетIерай редактор** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:** «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
**Учредитель:** Администрация муниципального образования «Чародинский район»

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5 Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес***